

# DEKLARASYON SOU SÈMAN

ENPRIME NON KONPLÈ (non, premye prenon, inisyal dezyèm prenon)

**FOUNI FO ENFÒMASYON NAN DEKLARASYON SOU SÈMAN SA A SE YON KRIM DAPRÈ LALWA FLORID, LÈ YO DEKLARE YON MOUN KOUFAB DE SA, SA VA LAKÒZ DISKALIFIKASYON POU AKSÈ NAN YON È SEKIRIZE OSWA RESTREN NAN YON PÒ MARITIM.**

(Atik 311.12(6)(d)-(e), Règleman Florid (2009))

ETA FLORID  
KONTE BROWARD

DEVAN MWEN, Moun ki fè Deklarasyon an e ki siyen anba la a \_\_\_\_\_, te prezante l pèsònèlman epi, apre m te fè l sèman te kòmsadwa, li di:

1. Mwenmenm, Moun ki fè Deklarasyon an, mwen gen yon konesans pèsònèl de tout matyè ki prezante nan Deklarasyon sou Sèman sa a.
2. Mwen konprann, lè sa a depans yo ap sou kont mwen, ke mwen gen dwa konsilte yon avoka ke mwen chwazi anvan mwen siyen Deklarasyon sou Sèman sa a.
3. Pyès Idantifikasyon Travayè Transpò Federal (TWIC) mwen an valid e li gen tout fòs ak tout efè li jounen jodi a.
4. TWIC mwen an ap ekspire le \_\_\_\_\_ (jou) \_\_\_\_\_ (mwa) \_\_\_\_\_ (ane).
5. Mwen pa t resevwa TWIC mwen an nan pwosesis dewogasyon pou istwa kriminel diskalifyan konfòmman a lwa federal la.
6. Mwen te li e mwenn konprann enfòmasyon ki bay nan vèsò/paj 2 Deklarasyon sou Sèman sa a.
7. Pandan sèt (7) ane ki sot pase anvan dat Deklarasyon sou Sèman sa a, Mwen pa, nan ankenn jiridiksyon, sivil oswa militè, te deklare koupab, te plede koupab oswa "mwen pa swete konteste" (nolo contendere), san pran an kont desizyon ki te rann nan, oswa te deklare non koupab pou rezon fòli, de nenpòt ki krim ki diskalifyan konfòmman a Atik 311.12(7), Règleman Florid (2009) (jan yo bay lis la nan vèsò/paj 2 Deklarasyon sou Sèman sa a).
8. Pandan senk (5) ane ki sot pase anvan dat Deklarasyon sou sèman sa a, yo pa t libere m de anprizònman e mwen pa t anba yon siveyans kèlkonk ki te enpoze akòz de kondanasyon, poutèt mwen te komèt yon krim kèlkonk ki diskalifyan konfòmman a Atik 311.12(7), Règleman Florid (jan yo bay lis la nan vèsò/paj 2 Deklarasyon sou Sèman sa a), nan nenpòt ki jiridiksyon, sivil oswa militè.
9. Mwen konprann ke founi fo enfòmasyon nan Deklarasyon sou Sèman sa a se yon krim twazyèm degre, ke yo kapab pini tankou yo prevwa sa nan Atik 775.082, Atik 775.083, oswa Atik 775.084 nan Règleman Florid yo e ke, si yo deklare m koupab de krim sa a, mwen va pèdi dwa pou tout privilèj pou gen aksè a è sekirize oswa restren nan yon pò maritim e mwen va diskalifye pou apwobasyon nan tan k ap vini yo pou gen aksè nan è konsa.

## SINYATI MOUN KI FÈ DEKLARASYON AN

ETA FLORID  
KONTE \_\_\_\_\_

Deklare sou sèman e siyen devan mwen le \_\_\_\_\_ jou nan \_\_\_\_\_ (mwa), \_\_\_\_\_ (ane),  
moun ki fè sa a se \_\_\_\_\_.

\_\_\_\_\_  
Sinyati Notè – Eta Florid

\_\_\_\_\_  
Enprime/Tape/Mete So Non Notè Komisyone

Konnen Pèsònèlman \_\_\_\_\_ OSWA Te Prezante Pyès Idantifikasyon \_\_\_\_\_  
Ki kalite Pyès Idantifikasyon li te Prezante: \_\_\_\_\_

**Vèsò/Paj 2 Deklarasyon sou Sèman pou \_\_\_\_\_ (NON)**

Ou diskalifye pou anplwa anndan oswa aksè non akonpaye nan è sekirize oswa restren nan pò maritim piblik Florid,

si, pandan sèt (7) ane ki sot pase anvan dat Deklarasyon sou Sèman sa a, ou te deklare koupab, oswa te plede koupab oswa “mwèn pa swete konteste” (nolo contendere), san pran an kont desizyon ki te rann nan, oswa te deklare non koupab pou rezon foli pou:

1. nenpòt ki krim ki diskalifyan ke yo bay lis la anba la a,
2. nan kèlkeswa jiridiksyon, sivil oswa militè, gen ladan yo kou masyal ke Fòs Ame Etazini ap dirije;

**OSWA**

si, pandan senk (5) ane ki sot pase anvan dat Deklarasyon sou Sèman sa a, yo te libere w de anprizònman, oswa ou te anba yon siveyans kèlkonk ki te enpoze akòz de kondanasyon:

1. poutèt ou te komèt nenpòt nan krim diskalifyan ke yo bay lis la anba la a,
2. nan nenpòt ki jiridiksyon, sivil oswa militè.

Enfraksyon diskalifyan: (Majorite enfraksyon yo se krim; kèk ladan yo se deli.)

1. Yon zak teworis tankou yo defini sa nan atik 775.30.
2. Yon vyolasyon ki enplike yon zam destriksyon masiv oswa yon fo zam destriksyon masiv tankou yo prevwa sa nan Atik 790.166.
3. Poze yon fo bonm tankou yo prevwa sa nan atik 790.165.
4. Yon vyolasyon atik 876.02, anachi kriminèl, kominism ak lòt doktrin yo presize oswa atik 876.36, ankouraje enziyèksyon.
5. Yon vyolasyon atik 860.065.
6. Fè trafik tankou yo prevwa sa nan atik 893.135.
7. Aktivite rakèt tankou yo prevwa sa nan atik 895.03.
8. Fè komès byen yo te vòlè tankou yo prevwa sa nan atik 812.019.
9. Blanchiman lajan tankou yo prevwa sa nan atik 896.101.
10. Itilizasyon kriminèl idantifikasyon pèsonèl tankou yo prevwa sa nan atik 817.568.
11. Koripsyon tankou yo prevwa sa nan atik 838.015.
12. Yon vyolasyon atik 316.302, ki konsène transpò materyèl danjre.
13. Yon krim ak itilizasyon fòs tankou yo defini sa nan atik 776.08.
14. Yon vyolasyon atik 790.07, enfraksyon kriminèl, gen zam.
15. Nenpòt ki krim ki gen ladan l itilizasyon oswa posesyon yon zam a fe.
16. Yon vyolasyon kriminèl pou vòl tankou yo prevwa sa nan atik 812.014.
17. Vòl tankou yo prevwa sa nan atik 812.13.
18. Kase kay tankou yo prevwa sa nan atik 810.02.
19. Nenpòt ki vyolasyon ki enplike vant, fabrikasyon, livrezon, oswa posesyon avèk entansyon pou vann, fabrike, oswa livre yon sibstans règleman te.
20. Nenpòt ki enfraksyon pa rapò a lwa yon lòt jiridiksyon ki menm ak yon enfraksyon ki nan lis sa a.
21. Konplo oswa tantativ pou komèt nenpòt nan enfraksyon ki nan lis sa a.

**Sinyati Moun ki Fè Deklarasyon an \_\_\_\_\_**

**NÒT:** Referans legal pou diskalifikasyon: atik 311.12(6)(a) ak (7)(a)-(b), Règleman Florid (2009). “Pò maritim piblik Florid” se sa ke yo endike yo nan atik 311.09, Règleman Florid. Tout referans a atik yo se pa rapò a Règleman Florid.